

EEC WAITLIST FOR CHILD CARE FINANCIAL ASSISTANCE PARENT INFORMATION SHEET /
LIS DATANT EEC POU ASISTANS FINANSYÈ SWEN TIMOUN
FÈY ENFÒMASYON POU PARAN

EEC kenbe yon lis datant atravè tout eta santralize a pou edikasyon bonè ak asistans finansyè swen pou timoun. Yo ka ajoute Fanmi nan lis datant la pa yon Resous Swen Timoun ak Ajans Referans (CCR&R), yon Founisè Swen Timoun ki gen Kontra oswa lè w' rele Mass 211 (rele "2-1-1" nan telefòn ou). Si ou ta vle mete non ou sou lis datant EEC a, yo pral mande w' enfòmasyon sa yo:

- Tout moun nan kay la, (Pa ekzanp, paran/gadyen ak tout timoun ki se depandan);
- Bezwen sèvis (Pa ekzanp, patisipasyon nan yon aktivite ki apwouve) pou chak paran/gadyen tankou travay, edikasyon oswa fòmasyon, rechèch travay, oswa andikap paran; ak
- Total revni **brit** kay ki gen ladan alafwa sale ki touche ak sa k' pa touche, tankou revni, SSI, sipò timoun (monetè ak de nati), revni lwaye, TAFDC, elatriye.

Ou dwe rapòte nenpòt chanjman ki fèt sou enfòmasyon anwo a bay ajan lis datant ou oswa retire demann la si ou pa bezwen asistans finansyè swen timoun ankò. Ou ka mete ajou tou dosye lis datant ou, wè sitiyouyasyon w' ak wè istwa notifikasyon ou sou entènèt. Tanpri kontakte Mass 211 (rele "2-1-1" nan telefòn ou) jwenn aksè a zouti a sou entènèt.

Pandan ke sou lis atant lan, ou pral resevwa divès kalite kominikasyon ki sòti nan EEC, ki gen ladan:

- **LÈT KONFIMASYON** - lèt sa a ap konfime dat yo te mete non ou sou (dat aplikasyon an) lis datant, konbyen nan pitit ou yo mete sou lis datant lan, ak tou ofri ou ak yon ID Lakay. ID Lakay dwe itilize lè w' ap fè referans a aplikasyon lis datant ou.
- **LÈT RENOUVÈLMAN** - ou pral resevwa lèt sa a si ou pa mete ajou dosye lis datant ou nan 12 mwa anvan yo.
- **LÈT POU RETIRE** - ou pral resevwa lèt sa a si w' mande yo retire w' nan lis datant lan, si yo te jije ke w' kalifye pou asistans finansyè swen timoun, oswa ou refize twa òf finansman.

Si ou pa reyisi reponn a nenpòt lèt lis datant, yo pral retire fanmi w' nan lis datant lan. Si ou kontakte yon ajan lis datant nan 30 jou apre yo retire w', yo kapab remete non w' sou lis datant lan ak dat aplikasyon orijinal ou a. Si ou kontakte yon ajan lis datant apre 30 jou ki vini apre yo retire w', yo va remete w' sou lis datant lan ak yon dat aplikasyon nouvo, ki reflekte dat yo reyenstale ou la.

Lè finansman vin disponib, ou pral resevwa yon lèt Disponibilite Finansman pou swa yon plas kontra revni ki kalifye oswa yon kupon:

- Plas Revni Kontra Elijib: Yon plas sibvansyon ki disponib atravè yon edikasyon bonè espesifik ak pwogram edikasyon
- Koupon: yon sibvansyon ki disponib nan lokal CCR&R ki ka itilize nan nenpòt ki edikasyon pou timoun piti ak swen pwogram ki kenbe yon akò avèk CCR&R pou aksepte peman sibvansyon leta.

Lèt Disponibilite Finansman yo pibliye a moun ki vin an premye, premye sèvi dapre dat aplikasyon lis datant. Tanpri konprann ke li trè difisil pou detèmine lè asistans finansyè swen pou timoun ka vin disponib. Konnen byen ke EEC sèlman peye yon pòsyon nan pri swen pou timoun pa jou eke yo kapab asiyen yon kopeman (frè paran) baze sou revni tout moun lakay ou.